



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ANVIWON 21.6 MILYON DOLA POU UIT PWOJÈ
SIPO LOJMAN**

***Finansman pou Sipòte Konstriksyon Lojman pou Nouyokè Sanzabri yo ki Enkli
Ansyen Militè ak Fanmi yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a, yo te akòde anviwon 21.6 milyon dola pou uit pwojè sipò lojman k ap kreye yon total 265 inite pou Nouyokè sanzabri yo. Don an fèt atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri Eta New York la (New York State's Homeless Housing and Assistance Program), k ap finanse pwojè sipò lojman nan konte Suffolk ak Oneida pou ansyen militè sanzabri ak fanmi yo, ansanm ak sa yo ki nan Vil New York, Konte Erie, Nassau ak Oneida pou moun ki sanzabri ak fanmi yo. Tout uit pwojè yo fè pati angajman istorik 10 milya dola Gouvènè Cuomo a pou konstwi lojman ki abòdab epi konbat sityasyon sanzabri a.

Gouvènè Cuomo te di: “New York te tabli yon plan konplè ki pran mezi ki desizif pou mete fen nan kriz sanzabri a e finansman sa se yon eleman kle nan estrateji sa. Ak kreyasyon nouvo inite sipò lojman sa yo, n ap ede asire ke kèk nan Nouyokè ki pi vilnerab nou yo genyen yon kote pou viv ki an sekirite, ki desan e ki pa chè, e ke yo jwenn aksè a sipò ak sèvis yo bezwen an.”

Pami 265 inite lojman sipò k ap kreye yo, 141 se ap lojman sipò pèmanan ak lojman tranzisyon nan Vil New York, Konte Erie, Nassau, Oneida ak Suffolk. Inite yo ap sèvi moun ki vilnerab ki gen bezwen espesyal yo, epi ap genyen ladan yo yon seri sèvis sipò varye ki adapte ak bezwen yo, tankou fòmasyon pou jwenn travay, konsèy psikolojik, fòmasyon pou konpetans pou ede yo viv endepandan, èd pou defann dwa pou yo resevwa asistans, ak èd pou yo jwenn swen sante prensipal ak swen sante mantal.

Benefisyè yo se:

- **Lt. Col. Matt Urban Center** (Konte Erie) \$3,112,670
- **Utica Center for Development** (Konte Oneida) \$3,174,100
- **Concern for Independent Living, Inc.** (Konte Suffolk) \$1,308,842
- **Association for Mental Health and Wellness, Inc.** (Konte Suffolk) \$1,988,716

- **Rescue Mission of Utica, Inc.** (Konte Oneida) \$1,711,839
- **United Veterans Beacon House, Inc.** (Konte Suffolk) \$1,547,164
- **Postgraduate Center for Mental Health, Inc.** (Konte Kings, NYC) \$2,993,268
- **Concern for Independent Living, Inc.** (Konte Nassau) \$5,750,000

Delege Biwo Eta New York pou Asistans Pwovizwa ak Asistans pou Moun Andikape a (New York State Office of Temporary and Disability Assistance) Samuel D. Roberts te di: “Govènè Cuomo te pran yon angajman solid pou l reponn a pwoblèm sanzabri a e li te toujou rekonèt valè sipò lojman an nan efò sa yo. Nou konnen lojman ak sèvis rezidan yo ap resevwa nan kad pwojè sa yo ap gen enpak pozitif alontèm sou lavi yo.”

Delege Biwo Eta New York pou Toksikomani ak Alkowlis (New York State Office of Alcoholism and Substance Abuse Services), Arlene González-Sánchez te di: “Lojman se yon eleman vital nan pwosesis rekiperasyon pou sa yo k ap goumen kont twoub konsomasyon sibstans toksik pwovoke. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo, Biwo Asistans Pwovizwa ak Asistans pou Moun Andikape a ak patnè nou yo nan Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri Eta a pou efò yo pou rann lojman disponib pou Nouyokè ki pi vilnerab nou yo, ki enkli Ansyen Militè, fanm ki gen timoun ak sa yo k ap rekipere soti nan maladi adiksyon.”

Senatè Tim Kennedy te di: “Finansman majè ki soti nan Eta New York sa ap pèmèt Lt. Col. Matt Urban Human Services Center nan Lwès New York kontinye epi devlope sèvis ki chanje lavi y ap bay depi plizyè deseni yo. Lè yo founi sipò lojman pou fi selibatè ak fi ki gen timoun sanzabri yo, Matt Urban Center a ap bay fanmi sa yo yon nouvo soulajman nan lavi, epi ba yo diyite ak sekirite yo merite. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou devouman li pou eradike sitiyoasyon sanzabri a nan Eta New York e mwen vle eksprime apresyasyon pwofon mwen a gason ak fanm nan Matt Urban Center yo pou travay dezenterese yo pou lòt moun.”

Senatè Joseph Griffo te di: “Mwen kontan ke yo te akòde Utica Center for Development yon pòsyon nan finansman enpòtan sa pou nou ka kontinye ede ansyen militè ki sanzabri yo ak fanmi yo nan rejyon an. Okenn ansyen militè ki te sèvi nasyon nou an nan fason onorab pa ta dwe goumen pou jwenn yon kote pou viv, alò, pwojè lojman lokal finansman sa ap sipòte a se yon etap pozitif pou asire ke ansyen militè nou yo resevwa sèvis yo merite a. Se nouvèl ki ekstraòdinè tou pou Rescue Mission of Utica e sa ap ede kreye apatman lojman sipò pou moun ak fanmi k ap eksperimante pwoblèm sanzabri a.”

Senatè Thomas D. Croci, Prezidan Komite Sena pou Ansyen Militè, Sekirite Enteryè ak Zafè Militè a (Senate Committee on Veterans, Homeland Security, and Military Affairs) te di: “Mwen te kontan anpil pou travay ak Gouvènè a avèk kòlèg

mwen yo nan Sena a pou n reponn nan fason ki agresif a pwoblèm sanzabri a pami ansyen militè yo ak fanmi yo. Objektif nou pataje, se konstwi kapasite pou pa gen okenn ansyen militè oubyen fanmi yo ki oblije viv nan lari.”

Manm Asanble Crystal People-Stokes, te di: “Felisitasyon a Lt. Col. Matt Urban Center pou sibvansyon 3.1 milyon dola pou li kontinye efò li yo pou goumen kont pwoblèm sanzabri ki sible ansyen militè, fanm ak timoun yo. Nouvo lojman pèmanan ak tranzisyon sa ap ede amelyore teritwa WNY la lè l ofri sekirite ak konfò a kèk nan moun ki pi vilnerab nan Buffalo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak kòlèg lejislatif mwen yo paske yo rann finansman sa disponib.”

Manm Asanble Anthony Brindisi te di: “Gen yon bezwen ki trè lejitim nan Mohawk Valley pou sekirite, lojman sipò pou ansyen militè yo ak fanmi yo. Atravè travay ekip ak rezo kolaborasyon solid li yo, Utica Center for Development te ekri yon plan ganyan ki p ap sèlman loje ansyen militè yo ak fanmi yo, men k ap ba yo sèvis yo bezwen pou retounen sou pye yo. Rescue Mission of Utica ap bay sipò lojman pou moun ak fanmi ki te sanzabri ki pi bezwen yo, nan kad yon pi gwo pwojè finansman sa ap sipòte.”

Manm Asanble Dean Murray te di: “Konte Suffolk fyè de tèt li paske li genyen youn nan popilasyon ansyen militè ki pi gwo nan peyi a e mwen kontan ke n ap fè pati pa nou an pou n asire ke ansyen militè nou yo ak fanmi yo genyen lojman ki disponib pou yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak fonksyonè li yo nan Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri, Biwo Eta New York pou Asistans Pwovizwa ak Asistans pou Moun Andikape a pou efò ak devouman yo pou rann pwojè sa vin yon reyalyte.”

Kad Egzekitif Konte Oneida Anthony Picente te di: “Kalite lojman sa yo ak sèvis sipò yo se yon pyès esansyèl pou simonte sityasyon sanzabri pou manm nan kominote nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman l pou bay finansman sa. Sa ap ofri yon opòtinite pou moun ki nan bezwen pou reyalize endepandans otosifizans yo.”

Kad Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone te di: “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip kontini li pou reponn a pwoblèm sanzabri a epi paske li bay finansman pou nesesite eta a pou nou ka kontinye travay ak rezidan ak ansyen militè nou yo ki toujou nan bezwen. Atravè divès inisyativ nou yo tankou, adopsyon Lwa Housing Our Homeless Heroes (Loje Ewo ki Sanzabri nou yo), Konte Suffolk te akòde plizyè milyon dola pou sipòte divès pwojè ki te founi inite lojman pèmanan pou ansyen militè ki sanzabri ak fanmi yo. Konte a aplodi travay Concern for Independent Living (Sant pou Vi Endepandan), Association for Mental Health and Wellness (Asosyasyon pou Swen Mantal ak Byennèt) ak United Veterans Beacon House paske yo te trè aktif pou loje sa yo ki te fè sakrifis ki san nonbr e ki te goumen pou pwoteje libète nou.”

Kad Egzekitif Konte Erie, Mark C. Poloncarz te di: “Finansman sa se ap yon kano sovtaj pou moun ki sanzabri yo, an patikilye fanm ak timoun yo, e n ap ba yo sekirite nan lojman yo ak èd pou yo soti nan povrete. Gras ak Gouvènè Cuomo, batay kont sityasyon sanzabri a panche an favè nou.”

Majistra Buffalo a, Byron W. Brown te di: “Finansman sa enpòtan anpil pou ogmante disponiblite lojman sipò nan Buffalo pou kèk nan rezidan ki pi vilnerab nou yo. Lè n bay lojman ak sèvis nan yon kote, sa efikas anpil pou ede moun yo simonte sityasyon sanzabri, e nou rekonesan a Gouvènè Cuomo paske li rekonèt angajman kontini Lt. Col. Matt Urban Center pou ede sa yo ki nan bezwen.”

Majistra Utica a, Robert Palmieri te di: “Mwen fè elòj pou Gouvènè a paske li fè apwoch pwoaktiv sa pou konbat sityasyon sanzabri Ansyen Militè yo. Vil Utica a se youn nan premye Vil nan peyi a ki antre nan Pi Gwo Defi Mezon Blanch lan pou Mete Fen nan Sityasyon Sanzabri Ansyen Militè yo (White Houses' Mayor's Challenge to End Veteran Homelessness), e finansman sa ap ale lwen lè n bay resous Ansyen Militè nou yo bezwen e yo merite yo.”

Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri

Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri a bay finansman kapital pou devlope lojman pou popilasyon yo ki gen diferan bezwen spesyal ki kreye pou ede fanmi ak moun yo pou soti nan sityasyon sanzabri ak povrete, nan direksyon endepandans ki pi wo nivo posib. Yo te akòde plis pase 70 milyon dola atravè pwogram nan pandan ane fiskal 2015-16 la bay 19 pwojè atravè eta a, k ap devlope plis pase 800 inite lojman sipò ijans, tranzisyon ak pèmanan.

Plan Aksyon kont Sityasyon Sanzabri

Nan Deklarasyon 2016 diskou Eta a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pwopoze yon angajman istorik 10.4 milya dola pou konbat sityasyon sanzabri nan tout eta a pandan senk pwochen lane yo ki enkli 2.6 milya pou nouvo inite lojman sipò ak 7.8 milya dola pou angajman kontini nan sipò inite lojman sipò, kabannabri ak lòt sèvis pou sanzabri ki egziste deja.

Faz en nan Plan Aksyon kont Sityasyon Sanzabri Gouvènè a te lanse, sa pa gen lontan. Nan kad efò sa, Eta New York te:

- Emèt yon apèl pwopozisyon pou 1,200 inite lojman sipò, premye faz plan 2.6 milya dola pou devlope 6,000 inite lojman sipò sou senk pwochen ane yo.
- Bay Vil New York la plis pase 500 kabannabri ki pa two itilize ak etablisman pou sanzabri ki otorize nan eta yo pou ede rezoud pwoblèm lojmanabri ki pa apwopriye a.
- Kreye yon Konsèy Entèajans sou Sityasyon Sanzabri a pou eksplòre solisyon ki sible kont sityasyon sanzabri a epi rekòmande meyè pratik ak politik pou reponn a bezwen kontini kominote ak moun yo.
- Fè enspeksyon tout 916abri pou sanzabri nan eta a epi pran mezi pou amelyore kondisyon yo nanabri sanzabri o pou etablisman yo ka ansekirite, epi pou yo kenbe yo pwòp epi byen.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418